

SOAL PAT BAHASA JAWA KELAS 11 SEMESTER 2

Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat pada pilihan A, B, C, D dan E di bawah ini!

1. Ana ing pagelaran ringgit wacucal ana perangan kang diarani waranggana, dene warangganayaiku

- A. Wong kang nabuhgamelan
- B. Wong kang nglakokake perangane wayang
- C. Wong kang nembang mbarengi uninegamelan
- D. Wong kang sing mirsanipagelaran
- E. Wong kang paring kawigaten babagan pewayangan

Jawaban: E

2. Punakawan kui cacaheana

- A. 6 D. 2
- B. 3 E. 4
- C. 5

Jawaban: A

3. Ing ngisor iki jenenge pandawa, yaiku kajaba

- A. arjuna D. Puntadewa
- B. werkudara E. nakula
- C. kresna

Jawaban: E

4. Prapta ing yen digarban dadi

- A. Pratoing D. Praptaing
- B. Praing E. Prapteng
- C. Rapteng

Jawaban: E

5. Kang ora kena diilangi nalika damel sinopsis yaiku

- A. Unsur intrinsike D. Monologe
- B. Tokoh-tokohe E. Dialoge
- C. Unsur ekstrinsike

Jawaban: A

6. Crita cerkak kuwi kudu ngandhut unsur apa wae?

- A. Intrinsik lan ekstrinsik

- B. Internal lan eksternal
- C. Intrinsik lan eksternal
- D. Internal lan ekstrinsik
- E. Intrinsik lan ekstrim

Jawaban: A

7. Apa wae kang dadi unsur intrinsik cerkak?

- A. Tema, tokoh, agama, watak, alur, amanat
- B. Tema, tokoh, agama, watak, alur, amanat
- C. Tema, tokoh, watak, alur, setting, amanat
- D. Agama, budhaya, politik, ekonomi
- E. Tema, agama, budhaya, politik, ekonomi

Jawaban: C

8. Tahapan utawa tataran crita kuwi diarani alur/plot. Tahapan crita kang diwiwiti saka wektu ana kedadeyan sepisan mundhak akibate terus nganti rampung iku diarani alur

- A. Biasa D. Maju
- B. Biasa E. Campuran
- C. Mundur

Jawaban: D

9. Pawarta iku klebu jinising

- A. Pengumuman D. Lesan
- B. Carita E. Tulisan
- C. Berita

Jawaban: C

10. Agama, budhaya, politik, ekonomi iku kagolong unsur

- A. Internal D. Ekstrim
- B. Internal E. Intrinsik
- C. Ekternal

Jawaban: E

11. Kang dadi titikane cerkak kajaba

- A. Isine ngayawara
- B. Bisa diwaca rampung wiwitsepisan maca
- C. Padhet isi lan tujuan enggal digayuh
- D. Isine prasaja
- E. Wektu kedadean cekak

Jawaban: B

12. Kang dadi sumbere crita ing crita cerkak yaiku
- A. Tokoh D. Setting
 - B. Amanat E. Tema
 - C. Alur

Jawaban: E

13. Kang kudu ana ing sajroning crita kanggo mangun amrih dadi crita kang gampang dinalar, iku diarani unsur
- A. Ekstrinsik D. Internal
 - B. Intrinsik E. Ekstrim
 - C. Eksternal

Jawaban: B

14. Tataran gawe sinopsis iku kajaba
- A. Maca naskah asli
 - B. Nyatet pikiran-pikiran utama saben saparagraf
 - C. Adhedasar pikiran pokok sing dirangkum gawea tulisan cerkak
 - D. Sinopsis diwaca ulang banjur direvisi
 - E. Dialog lan monolog aja diialangi

Jawaban: E

15. Sinopsis punika sami kaliyan
- A. Garban D. Carita
 - B. Ringkesan E. Cerkak
 - C. Catetan

Jawaban: B

16. Ing ngandhap menika tegesipun busana, kejawi
- A. sandhangan D. bandha
 - B. klambi E. ageman
 - C. panganggo

Jawaban: D

17. Gatekna gambar ing ngisor iki!



Perangane busana jawi ingkang mengku piwulang supados manungsa punika saged ngiket raos gunggung diri inggih menika

- A. benik D. timang
- B. kamus E. udheng
- C. stagen

Jawaban: E

18. Gatekna gambar ing ngisor iki!



soal Bahasa Jawa kelas 11

Surjan Sembagi menika sejatosipun dipunagem dening

- A. Pangeran Haryo D. abdi dalem
- B. Sri Pakualam E. para wedana
- C. Adipati

Jawaban: B

19. Ing saben dintenipun para kawula Ngayogyakarta ngagem busana jawa

- A. kejawen D. beskap
- B. surjan lurik E. pranakan
- C. atela

Jawaban: B

20. Ing ngandhap menika tegesipun gagrag, kejawi

- A. corak D. wujud
- B. tipe E. modhel
- C. cara

Jawaban: C

21. Busana kadosdene jas kanthi werni polos dipunwastani

- A. surjan D. beskap
- B. surjan lurik E. pranakan
- C. atela

Jawaban: C

22. Perangane busana jawi ingkang mengku piwulang bilih salebeting nindakaken

perkawis kapenggali kanthi permati sampun dados kapitunanipun tiyang kathah inggih menika

- A. benik D. timang
- B. kamus E. udheng
- C. stagen

Jawaban: A

23. Busana Jawa kagem tiyang putri antasiwisipun ngandhap menika

- A. tangkepan, bros, stagen
- B. kendhit, dhuwung, jarik
- C. atèla, sinjang, selop
- D. jarik, kutubaru, iket
- E. iket, stagén, cenéla

Jawaban: A

24. Gatekna gambar ing ngisor iki!



soal Bahasa Jawa kelas 11

Pèlèt ing blangkon kedah nggadhahi warni sami kaliyan menapa ?

- A. Kamus D. Sabuk timang
- B. Blangkon E. Surjan
- C. Lonthong

Jawaban: C

25. Menapa rasukan ingkang minangka busana dhines abdi dalem Keraton Ngayogyakarta ?

- A. Surjan pranakan biru
- B. Surjan kembangan
- C. Surjan cemeng
- D. Surjan lurik
- E. Surjan warna

Jawaban: A

26. Pambéda ageman sinjang antasiwipun gagrag Ngayogyakarta lan Surakarta inggih menika

- A. Ngayogyakarta sèrèt ing lebet, Surakarta sèrèt ing jawi
- B. Ngayogyakarta sèrèt ing jawi, Surakarta sèrèt dipunlebetaken
- C. Ngayogyakarta sèrèt ing jawi, Surakarta sèrèt ugi sami ing jawi

- D. Ngayogyakarta sèrèt boten diagem, Surakarta sèrèt dipunlebetaken
- E. Ngayogyakarta sèrèt boten ketingal, Surakarta sèrèt ugi boten ketingal

Jawaban: B

27. Ingkang dipunwastani kain wiron inggih menika
- A. kain batik ingkang dipunlinting ing sisih pinggir saèmpèr kados kipas
 - B. kain kados jarik kagem tapihan
 - C. minangka panjangkep kebaya
 - D. kain ingkang kados kipas
 - E. kain jarik

Jawaban: A

28. Adatipun miru sinjang cara Sala, jarik ing sisih pinggir awarni pethak dipunpapanaken ing
- A. sawawining lempitan / wiron
 - B. dipuntekuk ing jawi
 - C. salebeting lempitan
 - D. sangandhap kemiri
 - E. sangajeng padharan

Jawaban: C

29. Kain ingkang dipunwiron kedahipun betahaken saking wiyaripun kain.
- A. 2 cm D. 3 driji
 - B. 7 lempitan E. 1/3
 - C. setengah

Jawaban: E

30. Wiyar wiron kagem tiyang putri kirang langkung
- A. 5 cm D. 2 driji
 - B. 3 cm E. 5 driji
 - C. saktlapak tangan

Jawaban: D

31. Kain sinjang ingkang sisih lebet dipunwastani menapa ?
- A. ngénggréngan D. terusan
 - B. sèrèt pethak E. ceplok
 - C. gurdha

Jawaban: D

32. Tiyang putri menawi ngagem rasukan adat Jawa, prayoginipun dipunwiwiti ngagem
- A. cenéla D. sinjang

B. sanggul E. kebaya
C. stagen

Jawaban: A

33. Nalika badhé ngagem sinjang, menapa ingkang kedah majeng setunggal kados nyilang ?

A. Asta D. Mustaka
B. Bangkèkan E. Suku
C. Awak

Jawaban: E

34. Wiron tiyang putri dhawah ing

A. ngajeng
B. ngajeng siring tengen
C. ngandhap
D. nyamping
E. ngajeng siring kiwa

Jawaban: B

35. Stagén tumrap tiyang kakung saged dipunwastani menapa ?

A. timang D. lontong
B. cenéla E. kamus
C. surjan

Jawaban: D

36. Serat Wedhatama Kaanggit dening

A. KGPAA Mangkunegaraan IV
B. KGPAA Hamengkubuwana IV
C. KGPAA Paku Alam IV
D. Prasetya Eka Purnomo
E. KI Hajar Dewantara

Jawaban: A

37. Ngèlmu iku kalakone kanthi laku | lèkase lawan kas | tégêse kas nyantosani |
sêtya budya pangêkêse dur angkara ||

Tembang ing ndhuwur kalebu tembang

A. Mijil D. Durma
B. Maskumambang E. Kinanthi
C. Pocung

Jawaban: C

38. Kang kalebu guru Wilangan lan Guru lagu tembang macapat Pocung yaiku
A. 12i, 6a, 8u, 13e D. 12u, 6a, 8i, 12a
B. 12u, 6a, 12a, 8i E. 6a, 8i, 12a, 12u
C. 12u, 12a, 6a, 8i

Jawaban: D

39. Ngèlmu iku kalakone kanthi laku | lèkase lawan kas | tégèse kas nyantosani |
sêtya budya pangêkêse dur angkara ||

Wos Surasane tembang ing ndhuwur, yaiku

- A. golek ngelmu diwiwiti kanthi tenanan
- B. golek ngelmu iku kalakone kudu rekasa
- C. bisa entuk ngelmu yen bisa ngedohi sipat kang ala
- D. yen golek ngelmu iku kanthi tenan bakal bisa kagayuh
- E. golek ngelmu iku kudu temen lan ngedohi sipat ala supaya bisa kasil

Jawaban: E

40. Angkara gung neng angga anggung gumulung ateges

- A. manungsa iku bakal urip ing telung alam
- B. angkara murka kang dumunung ing awake dhewe
- C. aja mihak marang wong kang tumindak culika
- D. yen tumindak ala ora dikendaleni bakal nyilakani
- E. angkara yen ora dikendaleni bakal nuwuhake prakara

Jawaban: B

Demikian terkait 40 soal [PAT Bahasa Jawa kelas 11](#) semester 2 dan kunci jawaban, contoh soal [PAT Bahasa Jawa kelas 11](#) tahun 2022.***